ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№171 (22.079) ● 2011 гъэм фокІадэм (сентябрьм) и 13, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм я зэхэлъыкІэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2011 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м кьыдигъэкІа Указ №46-УП-мкІэ кьиштам, зэхъуэжІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

«Урысей Федерацэм и субъектхэм я къэрал властым и лІыкІуэ (законхэр кьыдэзыгъакІ) гъэзэщІакІуэ органхэр кьызэгъэпэщыныкІэ псоми я зэхуэдэ хабзэхэм я Іуэхукіэ» Федеральнэ законым и 17 статьям и пункт 4-м, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «6» пунктым ящь иткІэ **унафэ сощ:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министерствэр зэхъуэкІын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымкіэ и министерствэу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Гъуэгу хозяйствэмкІэ и къэрал комитету.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм я зэхэлъыкІэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм я зэхэлъыкІэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2011 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м кьыдигъэкІа Указ №46-УП-мкІэ кьиштам, мы кьыкІэлыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) пункт 2-м хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министерствэ» псалъэхэр зэхъуэкІыин «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ТранспортымкІэ и министерствэ» жиІэу;

б) пункт 3-м хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Республикэ Къэрал щІыб зэпыщІэныгъэхэмкІэ и къэрал комитет» псалъэхэм кьакІэлыкІуэу дэщыгъэкьин «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Гъуэгу хозяйствэмкІэ и къэрал комитет» жиІэу.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хуэгъэувын:

мы Указым ящь иткІэ егъэкІуэкІыпхъэ зэхъуэкІыныгъэ Іуэхухэр кьызэригъэпэщыну;

езым и актэр мы Указым иригъэзэгъкьыну.

4. Мы Указым кьару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм фокІадэм и 6-м
№132-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм транспортымкІэ и министрым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «6» пунктым ипкъ иткІэ, **Сунш Ануарбий Ібубэ и кьуэр**, иджьпсту иБыгь кьулыкъуэр щхьэщыхьауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм транспортымкІэ и министру гъэувын.

2. Мы Указым кьару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм фокІадэм и 6-м
№133-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Гъуэгу хозяйствэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «6» пунктым ипкъ иткІэ, **Дышэкі Аслъан Заурбэч и кьуэр** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Гъуэгу хозяйствэмкІэ и комитетым и унафэщІу гъэувын.

2. Мы Указым кьару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм фокІадэм и 6-м
№134-УП

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Бжьыхьэ лэжьыгъэм щІедзэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2011 гъэм и бжьыхьэ сессием хиубыдэу лэжьэн щІидзэжащ. Законхэр кьыдэзыгъэкІ органым и Президиумым и ящэ зэІуакІэм иджьыблагъэ иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и ящэ къуэдзэ Жаным Руслан. Ар кьызэхуэсахэм бжьыхьэ сессием зэрыщІидзэжамкІэ екъуэхъуащ икІи иджыпсей лъэхъэнэм депутатхэр зэгурыІуэу икІи сэбэпынагъ пылъу эдэлэжьэну зэрыщыгугъыр кьыхигъэщащ.

Псом ящэу депутатхэр хэпльащ Парламентым и зэІуІэ егъэкІуэкІыным икІи ар 2011 гъэм фокІадэм и 29-м зэхуэдэсыну унафэ ящІащ. Абы щыгъуэ зыгтепсэльыхьыну Іуэхухэр 30-м щегъу.

«2007 - 2011 гъэхэм КъБР-м и экономикэм папщІэ лэжьакІуэхэр гъэхьэзырыныгкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и программэ» республикэ программэ хэхам зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» законым и проектыр Президиумым кьышигтІылъэгъащ Экономикэ политикэмкІэ, мылыкъуэ хьрычэт Іуэхуфкіэ комитетым и унафэщІ Марьяш Ириня. Абы зэрыжиІамкІэ, КъБР-м и Президентым кьыхилъхьэри, 2011 гъэм сом мелуани 6-кІэ нэхъыбэ ящащ «Пнджьылызыбзэр егъэжьаныр кьызэгъэпэщыныр» унэтыныгъэм трагъэкІуэдэну ахъшэр. Абы ипкъ иткІэ мы гъэм Іэщіагъэлу 60-м инджьылызыбзэр ирагъэджьыну я мурадщ.

«Щыхьэхмрэ абыхэм яІыгъ хьэлъэхэмрэ таксикІэ кьешэкІыныжкІэ Іуэхутхьэбзэхэр зэралэжьын зэрыкІэлъыплъ щІыкІэм и Іуэхукіэ» законым и проектым щытепсэльыхьыкІ Промышленностьмкіэ, гъуэгу хозяйствэмкІэ, транспортымрэ связьмкІэ комитетым и унафэщІ Мэремыкьуэ Сэфарбий жиІащ ар «УФ-м и закон акт щхьэхуэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» Федеральнэ законыр кьызэращтам кьыхэхьэкІыу зэрагъэхьэзырыр. Мы проектым щагъэбелджьылащ цыхухэр кьезышэкІ таксихэм, абыхэм дэс шоферхэм хуагъэуэ Іуэху нэхъыщхьэхэр, цыхухэмрэ ябыхэм яІыгъ хьэлъэхэмрэ таксикІэ кьезышэкІ Іуэхущапіэхэмрэ щхьэзакъуэ хьэрычэт лэжьакІуэхэмрэ кьабгъэдэхэу кьалэнхэр. Кьапщтэмэ, законопроектым егъэбелджьылы щІынальэ кьакъуэ кІэльыплъынныгъэм и мурадхэмрэ кьалэнхэмрэ, кьулыкъущІэхэм я полномочиехэр, кьэпщытэныгъэхэр зэрырагъэкІуэкІ щыкІэр, зыхуэфащэ кьэпщытакІуэ органым кьыщІигъэщІа ныкъуасныгъэхэм япкъ иткІэ ялэжьыпхъэхэр, нэгъуэщІхэр.

ЛэжьыгъэмкІэ, социальнэ политикэмрэ уэзыншагъэ хьумэныжмкІэ комитетым и унафэщІ Жанатаев Сэлим кьыхилъхьри, депутатхэр тепсэльыхьащ «2012 гъэм КъБР-м щат пенсэхэм хуащІагъун папщІэ пенсионерыр нэхъ мащІэ дыдэу зыхэпсэуІыкІыну ахьшэр зыхуэдизыр гъэбелджьылыным и Іуэхукіэ» законопроектым. Ар сом 4505-рэ хьупхъэу кьалъытащ.

МафІэсхэр къэмыгъэхьуным ехьэлІа законопроектым щытепсэльыхьым, Законым тетыным, хабзэр хьумэным, жылагъуэ шынэныр кьызэращтам кьыхэхьэкІыу

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

«Кавказым зэгурыIуэныгъэ щыIэн папщIэ»

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

КъыкIэлъыкIуэу псалъэ зрата Соколов Александр жиIащ УФ-м Спортымкlэ, туризмымрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ и министрыр къырхъэлIэн зэрыхъуэжьа. Ярославль къыщыхъуа насыпышIагъэм техуэуа даудапщэхэм зэрыхэтым къыхэкIыу къыззрымыкIуэфар. Зэхьыхэм хэтхэр зэкIуэдахэм зы дакъикъэкIэ яхуэщIыгъуа нэужь, УФ-м спортымкIэ, туризмымрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ и министрым и къуэдзэ Рожков Александр кьиГъэхьа телеграммэм Соколов Александр кьеджащ.

Союловым къызэрыхигъэщамкIэ, мы зэхьыхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щрагъэкIуэкIыну жэрдэм ящIащ нэгъабэ щIалэгъуаэхэм я Iуэхуэмкlэ Урысейрэ Европэм и Советымрэ щызэдэлажьэм. Сыту жыпIэмэ, Кавказым къыщекIуэкI Iужу зэIуымыбзэхэм Урысеим и мызакъуэу, дэнэ щIыпIэм щыпсэуэхэри ирогушаIэ.

- Зэхьыхэр щедгъэкIуэжьыну щIыпIэр къыхэтхын и пэ куэдрэ дыгупсысащ икIи Налшык дыкъыстеувыIащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым пъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ куэд щопсэу, щIалэгъуалэ политикэ куу щрагъэжьKащ, кьалэми зыщуплъыхьыну куэд и уасэщ, - жиIащ Соколовым. - Ящэу мы зэIущIэр къыщызэдгъэпэщкIэ, ди мурадыр зыхуэунэтIар адэкIэ дыззрыщIэгурыIуэну щIыкIэр дубзыхуныкъыр, щIыпIэм щыIэ Iужу зэIуымыбзэхэр Урысеим и мызакъуэу, дэнэ щIыпIэм щыпсэуэхэри ирогушаIэ.

- Зэхьыхэр щедгъэкIуэжьыну щIыпIэр кьыхэтхын и пэ куэдрэ дыгупсысащ икIи Налшык дыкъыстеувыIащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым пъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ куэд щопсэу, щIалэгъуалэ политикэ куу щрагъэжьKащ, кьалэми зыщуплъыхьыну куэд и уасэщ, - жиIащ Соколовым. - Ящэу мы зэIущIэр къыщызэдгъэпэщкIэ, ди мурадыр зыхуэунэтIар адэкIэ дыззрыщIэгурыIуэну щIыкIэр дубзыхуныкъыр, щIыпIэм щыIэ Iужу зэIуымыбзэхэр Урысеим и мызакъуэу, дэнэ щIыпIэм щыпсэуэхэри ирогушаIэ.

Шириновэ Нуснят зэкуэсым кьырихьэлIа щIалэгъуалэм хуэгъэзащ жиIащ зэIущIэм теухуа я мурадхэмрэ кьалэнхэмрэ яГъэзэщIыну зэрыщыгугъыр, дэтхэнэ зыми Кавказымрэ Европэмрэ щыIэ щIалэгъуалэ политикэм, Урысеим и щIыналъэхэм яку дэлъ зэхущытыкIэхэм зегъэужьыныбзэ хуэзэфIэкI халъхьащ. «Фи мурадым ерыщу фыхуэкIуэмэ, сытри кьыхэхъуIэнущ», - апхуэдэ ч1энджащ ятащ Нуснят щIалэгъуалэм.

Баринов Денис щIалэгъуалэр кьыхуриджащ я IъэпкI щэнхабзэм, хабзэм теухуауэ зэпсалъэну, нэхъыфIу зэрыщIыхуну. - Псори Интернетым ит тхыгъэхэм дыкъыдджэ, телевизор допль, радио додаIуэ, газет доджэ, ауэ а хъыбарэм ящыщ куэд нэпцIу кьыщIокI, - жиIащ абы. - Аращи, зы Iужгъуэ гъэрым е цIыху цIыхьхуэм теухуа Iужу епльыкIэ пэж дIэн папщIэ, а цIыхум депсэлъэну е Iужгър фIыуэ зэхэдгъэкIыну ди кьалэнщ.

Зэкъэсым хэт щIалэгъуалэм хъыщIэхэм ярIэгъэщIэгъуэн упщIэхэмкIэ зыхуагъэзащ, я Iужу епльыкIэхэр утыку кьрахьащ. Псалъэм папщIэ, Шэшэным кьинкIа щIалэр арэзыгъэкIым Налшык къыщыкIуэм ГИБДД-м и лэжьакIуэхэм кьрагъэзащIэуныдамкIэ икIи кьиныльэрт топлицэм и лэжьакIуэхэм нэгъуэщI республикэхэм, кьэралхэм ясьнкIахэм хъыщIагъэ зэхрахьилхъэу. Абы и жуаупу Минаев Хасым жиIащ а Iуэхум теухуа унафэ мыгувэу кьыззращтэнур.

Щэнхабзэ, хабзэ, дин зэмылIэужьыгъуэхэм яIэ щхьэхуэныгъэхэм теухуа Iуэхугъуэхэр, дуней псом щыщ щIалэгъуалэм яку зэгурыIуэныгъэ, пщIэ дахъыным ехьэлIа тренингхэр, зэIущIэхэр махуищым и кIуэцIкIэ ирагъэкIуэкIащ, ЗэIущIэр кьыззэзыгъэпэщахэм кьыззэратыстамкIэ, зэхьыхэм и мурадхэмрэ кьалэнхэмрэ гъэзэщIа хъуащ. Зэхуэсыр сэбэн хъуащ щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я зэпыщIэныгъэр нэхъри гъэбыда, Кавказым и зыужьныгъэм, абы щежьэкIэ политикэм дунейпсо щIыпIэ хъыдджэру кьыхэщIа хъунымкIэ. МыдзэкIэ, Кавказым ис щIалэгъэмрэ хъыджэбзхэмрэ Iэмал яIэ хъуащ Европэм и ныбжьыщIэхэм я псэукIэр зрагъэщIэну, нэгъэщIэ щIыпIэхэм щыпсэухэм Кавказым кьыщыкъу Iуэхугъуэм теухуа и Iужу епльыкIэхэм зыщагъэкIыну ди кьалэнщ.

Зэхьыхэр щхьэпэ хъуат щIалэгъуалэм я хуитыныгъэхэм нэхъыфIу зэрызыщIагъэгъуэзамкIэ, я проектхэр зэрагъэкIуэтэнум, зэрызэдгъэлэжьыну щIыкIэм теухуа чэнджакIуэр зэрыратамкIэ. КьызэгъэпэщакIуэмрэ щIыпIэзэщ мыпхуэдэ зэхьыхэхэм кьыпащIну икIи гъэ кьэс зэхашIэну.

Налшык махуищкIэ щыIа хъыщIэкIэр зыхэта Iуэхугъуэхэр гукъинэжь ящыхъуауэ, куэд дыдэ ныбжьагъу зэрыгъэхъуауэ ежьжьащ. ПэгIуэщI кьэралхэм кьинкIа щIалэгъуалэр зэрыратамкIэ. КьызэгъэпэщакIуэмрэ щIыпIэзэщ зэхьыхьэм кьыпащIну икIи гъэ кьэс зэхашIэну.

Налшык махуищкIэ щыIа хъыщIэкIэр зыхэта Iуэхугъуэхэр гукъинэжь ящыхъуауэ, куэд дыдэ ныбжьагъу зэрыгъэхъуауэ ежьжьащ. ПэгIуэщI кьэралхэм кьинкIа щIалэгъуалэр зэрыратамкIэ. КьызэгъэпэщакIуэмрэ щIыпIэзэщ зэхьыхьэм кьыпащIну икIи гъэ кьэс зэхашIэну.

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мафIэсым зыщыхъумэнымкIэ и муниципальнэ IэнатIэхэр ЗытетыпхъэщапхъэщI мы Унафэм щыIэтыр къэщтэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щIынатIэм я щIыпIэ администрацэхэм чэнджэщ етын:

мафIэсым зыщыхъумэнымкIэ муниципальнэ IэнатIэхэм я къудамэхэр къызэгъэпэщын;

мафIэсым зыщыхъумэнымкIэ муниципальнэ IэнатIэхэм я зэкъэтыкIэр щагъэхъэзыркIэ, ар ЗытетщIыхьапхъэ мы щапхъэм тетын.

3. Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжьымыгъэм и Iуэхугъэмкlэ, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэмрэ дунейм и кьэхуэкъащIэхэм къаша кьулейсызыгъэхэм я пъэжьжьэр зэкIуэдыжьымыкIэ и министерствэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэ Iуправленэ нэхъыщхьэм (Шагин С. И.) чэнджэщ етын мафIэсым зыщыхъумэнымкIэ муниципальнэ IэнатIэхэм я къудамэхэр къызэгъэпэщыныкIэ муниципальнэ щIынатIэхэм я щIыпIэ администрацэхэм методикэ и пъэнкIуэкIэ ядэпэкIуну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къалэнхэр зыгъэзащIэ АБРЭДЖ Iэдиб

Бжьыхьэ лэжьыгъэм щIедзэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

БюджетымкIэ, налогхэмрэ финансхэмкIэ комитетым и унафэщI Ахъуэжьу Кьэнибий зэIущIэм кьыщыхилъхьащ «2011 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и IуэхукIэ» КъР-м и Законым зэхэзыгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ законопроектыр. Къэпсалъэм зэрыжиIамкIэ, мы законопроектым кьыщыгъэльэгъуащ цIыхухэр кьхьахэ хьуа псэупIэхэм кьыщIэтэхьэпхъэкIыныжьмкIэ республикэ программэр гъэзэщIэныжьмкIэ унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр, кьат куэду зэтемыт псэупIэхэр щыныжьмкIэ, фэтэр куэд хъу унэхэр 2011 гъэм капитальнэу зэгъэпэщыжьыныжьмкIэ хэкIыпIэхэр. Абы папщIэ республикэ бюджетым и хэхъуэхэмрэ хэщIагъэмрэ яГъэтэмэмкIэ икIи «ПсэупIэ-коммуналъно хозяйствэм реформэр щегъэжьIуэкIыным зыщIэгъэжьыныжьхэр фонд» къэрал корпорацэм кьыбгъэдэжьIу кьаIэрыхьэ ахъщэм и бжьыгъэм зэрызэхъуэжар кьалыытэ.

Депутатхэр апхуэдизу тепсэльыхьащ къэрал мылькур пщIэншэу муниципальнэ мылькум хэгъэхьэным, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIэкIэ КъБР-м и къэрал мылькур «Iуащхьэмахуэ курорт» ОАО-м и устав мылькум хэлъхьэным арэзы теухуэн папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм Парламентым зэрызыкъыуигъэзам.

Мы документ псоми нэгъэсауэ елэжьыжа нэужь, ахэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зэIущIэм кьыщыхалъхьунущ.

ЩыIэ хабзэхэм я ТетУрысей Федерацэм и адрей субъектхэм я парламентархэм законхэр кьыдэгъэкIыным теухуауэ кьыхалъхьа жэрдэмхэм хэпльэри, Президиумым зыхуэфащэ унафэхэр кьыщащтащ.

Къагъэхьа материалхэм щыгъуазэ защIри, Президиумым хэтхэм унафэ кьащтащ Бжьыхьэлэ Мусэбий Мухьэдэ и къуэм - полицэм и участкоВэ уполномоченнэхэм я къудамэм балигъ мыхуаразм я IуэхуэхмкIэ и IэнатIэм и унафэщIым, ФIыцIэ Руслан Хьэзрат и къуэм - с ледственнмкIэ IэнатIэм и унафэщIым, Кадыров Ахьмэт Магомед и къуэм - КъБР-м Мэз хозяйствэмкIэ и къудамэм и IэщIагъэлI-эксперт пэрытым, Поляков Александр Михаил и къуэм - «Май мэз хозяйствэ» къэрал IуэхущIапIэм и Прохладнэ рал мылькур «Iуащхьэмахуэ курорт» ОАО-м и устав мылькум хэлъхьэным арэзы теухуэн папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм Парламентым зэрызыкъыуигъэзам.

Мы документ псоми нэгъэсауэ елэжьыжа нэужь, ахэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зэIущIэм кьыщыхалъхьунущ.

ЩыIэ хабзэхэм зы тетУрысей Федерацэм и адрей субъектхэм я парламентархэм законхэр кьыдэгъэкIыным теухуауэ кьыхалъхьа жэрдэмхэм хэпльэри, Президиумым зыхуэфащэ унафэхэр кьыщащтащ.

Къагъэхьа материалхэм щыгъуазэ защIри, Президиумым хэтхэм унафэ кьащтащ Бжьыхьэлэ Мусэбий Мухьэдэ и къуэм - полицэм и участкоВэ уполномоченнэхэм я къудамэм балигъ мыхуаразм я IуэхуэхмкIэ и IэнатIэм и унафэщIым, ФIыцIэ Руслан Хьэзрат и къуэм - с ледственнмкIэ IэнатIэм и унафэщIым, Кадыров Ахьмэт Магомед и къуэм - КъБР-м Мэз хозяйствэмкIэ и къудамэм и IэщIагъэлI-эксперт пэрытым, Поляков Александр Михаил и къуэм - «Май мэз хозяйствэ» къэрал IуэхущIапIэм и Прохладнэ IыхьэмкIэ и участкоВэ хьумакIуэм, ТекIуэмэ Хьэсэнбий Мел и къуэм - «Шэджэм мэз хозяйствэ» къэрал IуэхущIапIэм и унафэщIым и дэIепкъунэ хъуэм, «Урысейпсо къэрал телерадиокомпание» федеральнэ къэрал предприятэ зэгуэтым и къудамэм - «КъэбэрдеI-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпание» IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэу Долгорук Валерий Василий и къуэм - производствамрэ техникамкIэ къудамэм и унафэщIым, ХьэмжУ Ларисэ Анатолий и пхъуэм - телевиденэм тематикэ программэхэр щыгъэхъэзырыныжьрэ къэтынымкIэ къудамэм и унафэщIым КъэбэрдеI-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и ЩIыхь тхъыльр етыным туехуауэ.

ЗэIущIэм и кIэухым аппаратым и лэжьакIуэхэм я IэнатIэм и унафэщIым зэрыгъэгъэщIагъэ, законхэр кьыдэзыгъэкI органыр бжьыхьэ сессием тэмэму лэжьэн папщIэ зыхуей псори зэрыгъэфIэнкIэм папщIэ депутатхэм фIыщIэ хуащIащ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и унафэщI Битокъу Владимир.

БАГЪР Любэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэм и унафэщI.

●КIэфо Сталинэт и сурэт гъэ тIыльъыгъэр

«Къэрхъэлъкъ» газетым и кьуажэ, кьалэ корреспондентхэм я II съезд. *1927 гъэ, мазаем и 20*

●КъБР-м и Жылагъуэ палатэм

Чэнджэщхэр къыщащтэ

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм Лэжьыгъэ зэхущытыкIэхэмрэ социальнэ политикэмкIэ и комиссэм и зэIущIэ зыубгъуа иджыблагъэ зэхэтащ. Абы щызэпхъахащ республикэм гражданэ обществ щызэтегъуэвэным мыкоммерцэ организацэхэр зэрыхэт щыкIэмрэ а Iуэхур егъэфIэкIуэныжьмкIэ къэуа къалэнхэмрэ. ЗэIущIэр иригъэкIуэ-кIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ Тау Пщыкъан.

ЗЭРАУБЗЫХАМ тету, зэхьыхэм ящу щедэIуащ КъБР-м ЩIалэгъуалэм и Iуэхуэхмрэ жылагъуэ зэгуэнэжьхэм ядэлIэжьныжьмкIэ и министерствэм щIалэгъуалэ политикэмкIэ и департаментым и унафэщI **КIуращым Анзор** и докладым. Абы къызэригъэлъэгъуамкIэ, мы зэманым ди республикэм жылагъуэ зэхуэзнигъэ 800-м щIигъу щолажьэ. Процент 55-р - Налшык кьалэм, процентыр 7,2-р - Мэй, процентыр 6-р - Прохладнэ, процентыр 5-р - Iуащхьэмахуэ районхэм, адрейхэр нэгъуэщI куейхэм щыIэщ. Мыкоммерцэ организацэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и ВРП-м ноби зэрыхьхьэфыр процент 0,14-кIащ. Щхьэусыгъуэгъуэмэмэ зауэжьын папщIэ, хуэфащэ лъабжьэ зэрамыIэрщ.

- Жылагъуэм граждан зэгурыIуэныгъэр щызэтеувэнур псоми я сэбэн зыхэлъхэр ящыгъэзэжьынуту институт жылагъуэ ирогушаIэ, лэжьыгъэр кьэзэрагъэпэщмэщ, зэпыщIэныгъэ быдэ зэхуаIэу властымрэ щIыпIэ самоуправленэмрэ я IэнатIэхэм зэрыщIэу ядэлэжьэн щIадзэмэщ. Абы и лъэныкъуэкIэ ди министерствэм Iуэхугъуэ пыухыкIахэр зэфIегъэзэI. Мыкоммерцэ организацэхэм я Iуэхущафэм пщалъэ-правовой лъабжьэ хъарзынэ хуэдгъэхъэзыращ. Абы къызэщIеубыдэ коммерцэу щымыт организацэхэм, жылагъуэ зэгуэнэжьхэм ятеухуа федеральнэ законхэр, 2015 гъэ пщIондэ Къэбэрдей-Балъкъэрым жылагъуэ-къэрал зэдзэлажьэныгъэм зэрызыщиужьыным и концепцэр. Республикэм социальнэ къалэнхэр щызыгъэзащIэ мыкоммерцэ Iуэхущ1апIэхэр къэралым зэрыдыдыгъыным и законым и проектэр зэхэтлъхьащ, КъБР-м и Парламентым абы мыгувэу хэпльэнущ. 2012 - 2016 гъэхэм къриубыдэу апхуэдэ IэнатIэхэм дазэрыдэIэпыкъунум теухуа республикэ программэ хэхам и проектыр диIэщ. Ар тетщIыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым граждан жылагъуэм зыщегъэжьыныным, мыкоммерцэ организацэхэм я зэфIэкIым хэгъэхъуэным, ди цIыхухэм хуащIэ социальнэ Iуэхутхъэбзэхэм зегъэужьыным. Программэм и проектым Жылагъуэ палатэм ярэзы щытекIуэащ, мы зэманым Финансхэмкlэ министерствэм щыхоплъэ, - кьиГъэльэгъуащ департаментым и унафэщIым.

Ар зэпхърыхуэу кьытеувыIащ жылагъуэ организацэхэм я лIыкIуэхэр хэту нэгъабэ кьызэрагъэпэща зэIущIэхэм кьыщIэтэ, зыщIэхэплъа Iужгъуэхэр зыхуэдзэм, абыхэм ящыкIуахэм, мы гъэм кьыхалъхьа республикэ зэпеуэхэм щытекIуэхэм социальнэ проектхэр зэрыпхагъэкI щIыкIэм.

- Жылагъуэ организацэхэм я унафэщIхэм я Iуэхущафэр хэIущIыIу щыныжьмкIэ министерствэм мыхьэнэшхуэ ирет. Сабий, щIалэгъуалэ жылагъуэ зэгуэныгъэхэм папщIэ, «XXI лIэщIыгъуэм и пашэ» республикэ зэпеуэр иплъэ кIыхь идогъэкIуэкI. Ар а зэгуэныгъэхэм я гурысейпсо зэхэзэхуэм и республикэ Iыхьэщ. Муниципальнэ, кьалэ щIыналъэхэм щIалэгъуалэ политикэмкIэ я Iэщ1агъэлIэр «XXI лIэщIыгъуэм и пашэ» зэпеуэм и къыззэпэщIыкIэм ильэс пconsum худогъаджэ. ЦIыху 36-рэ зыхэта селинкар «Къужжэй хадз» саторэм мы гъэм щедгъэкIуэкIащ, - къиГъэльэгъуащ къэпсэльам. - Социальнэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхуэхэм жылагъуэ организацэхэр кьызэрыхэтшIын зэпымыуэ долажь. Абы хэм я Iнафэщ1эр я пашэу IыкIуэ 737-рэ зэту нэгъабэ кьызэдгъэпэща Iуэхугъуэ 20-м щIигъум граждан обществэм и институтхэм я жыджэрагъыр кьэIэтыныжькIэ лэжьыгъэхэр щызэпкърытхащ.

КIуращым Анзор игъэбелджылащ Къэбэрдей-Балъкъэрым граждан обществэм зыщегъэужьынымрэ социальнэ Iуэхугъэ зэфIэзых жылагъуэ организацэхэм я зэфIэкIым хэгъэхъэныным хузунэтIауэ кьалэн нэхъыщхьэхэр.

Жылагъуэ палатэм Лэжьыгъэ зэхущытыкIэмрэ социальнэ политикэмкIэ и комиссэм и унафэщI **Маслов Николай** кьызэхуэсахэм ягу кьиГъэкIыжащ граждан обществэ зызыужьа-гъэ зэхэтащ. Абы щызэпхъахащ политикэр пхы-гъэжкIыным щIыхубэр жыджэру хуэзэщIэгъэIуэн зэрыхуэфIэ, мыкоммерцэ организацэхэм, политикэ партхэм, профсоюзхэм абы и лъэныкъуэкIэ куэд зэрахуэзфIэкIынур.

- Мыкоммерцэ организацэхэр зи щхьэ хущытыж, мурад пыухыкIам жыджэру телажьэ гуп щхьэхуэзэщ. Дэтхэнэ зы социальнэ институтми хуэдэу, гъэтIылъапIэ имыIэу гъащIэм къигъэуэ Iуэхугъуэхэм ахэр поджэж. Псом япэу, абыхэм ящыщIэркъым, бзэм пыщIэныгъэ быдэ хуэIэжьым, пIалъэ кIыхькIэ мылажьэхэр яхэтщ, хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэмрэ Интернетымрэ я Iэмалхэр нэгъэсауэ кьагъэсэбэпыркъым. Мыкоммерцэ организацэхэм я IкIыуэхэм я кьалэнщ муниципальнэ щIынальэхэм щаIэ я кьудамэхэмрэ хэщIапIэхэмрэ нэхъ жыджэру зрагъэужьыну, жылагъуэ гъащIэм, республикэм граждан обществ щызэтеувэным и Iуэхум кьуажэдэхэр куэду хэшэныр къызэрагъэпэщыну.

Къэпсэльам ежьащ Налшык, лэжьыгъэр кьэзыльэхъэ щхьэусыгъуэхэм ящыщщ социальнэ мыхьэнэ зиIэ проектхэр гъэзэщIэным хуэзэщIагъэIуэ грант мылъкуэр зэрымащIэр, зым и Iуэхущафэм адрейр зэрыщымыгъуазэр, бизнес зэгуэныгъэхэм зэрапэIэщIэр, Iэщ1агъэлIэхэм я щIэныгъэм зэрыхэмыгъахъуэр, цIыхухэм я жылагъуэ жыджэрагъыр зэрылъахъшэр, къэралым яхуищI гулъытэр зэрымащIэр. Субсидие зратыныгъэ къыщIэхъэ зэпеуэхэм я къызэгъэпэщыкIэр нэсу убзыхуэ хъуакъым, ахэр нахуэу, зэIухуэу щыткъым. Быхьалхъэ зэхьэзэхуэхэр зыхуэдзэм, ахэр зытещIыхьам кьалэхэмрэ куейхэмрэ щыIэ мыкоммерцэ организацэхэр тэмэму хагъэзыгъэзэрыкIыну, абыхэм щIыпIэ зэпеуэхэр щрагъэкIуэкIэхэркъым.

Маслов Николай кьызэригъэльэгъуамкIэ, НКО-хэмрэ властхэмрэ я зэпыщIэныгъэхэр хуабжьу махэщ. Зы лъэныкъуэкIэ властхэм ахэр кьафIэмыIуэху хуэдэщ, езыхэмэ кьулыкъущIапIэхэм я дзыхь ирагъэзыщэркъым.

- КъызэрэщIипхъэщ гражданэ обществэм и институтхэмрэ къэралым властым, щIыпIэ самоуправлением я IэнатIэмрэ я кьэдэлажьэныгъэр кьыззэрызэрагъэпэщ щIыкIэр нэгъэсауэ зэрамыуубгъуар. «КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и Iуэхуэ» законым къищIынэмыщIа граждан обществэм и институтхэм дяпэкIэ зэрызэужьынымрэ атеуэуа зы пщалъэ акт закъуи кьащтакъым. Абы кьыхэкIыу республикэм и Правительствэмрэ властымрэ я щIыпIэ администрацэхэм зэрыщIэзыгъэхэм я зэгуэныгъэхэм жылагъуэ Iуэхущ1апIэхэм я зэрызэдзэлажьэну щIыкIэр хабзэгъэув акт щхьэхуэзэкIыным щIагъэбыдэну, - къыхиГъэбелджылащ комиссэм и унафэщIым.

Зэхьыхэм кьыщагъэзэгъащ къаIэта Iуэхум мыхьэнэшхуэ зэрIыр, граждан обществэм гъащIэм щигъуэтыну увыпIэр мыкоммерцэ организацэхэм я зыужьыкIэм кьыгуэхьилIэ имыIэу зэрепхар. Абы теухуауэ я гупсысэхэр зэIущIэм кьыщаIуэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Щыхьэхэм я гразэхэм и унафэщI **Шорэ Раисэ**, агропромышленнэ комплексым и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и рескомым и тхьэмадэ **Беслъэней Чэмал**, республикэм и Сабий организацэхэм я зэгуэныгъэхэм и унафэщI **Емуз Iрбиий**, - ЩIалэгъуалэм и жэрдэмхэм я институт» ОО-м и Iэтащхьэ **Аванесьян Сергей** , Поляков районым и «Прогресс» щIалэгъуалэ организацэмрэ НыкъуэдыкIуэхэм я урысейпсо обществэм и кьудамэмрэ я унафэщIхэу **Къэгъэзэж Жыраслъэнрэ Щоджэн Хьэсэнбийрэ**, КъБР-м и промышленникэмрэ хъярычэтыщIэхэмрэ я зэгуэныгъэм и вице-президент **Гуэбзэщ1ыкI Жантемыр** нэгъуэщIхэри.

Къэпсэльыт кьэлэнхэр ягъэбелджылащ науэкь, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм Лэжьыгъэ зэхущытыкIэхэмрэ социальнэ политикэмкIэ и комиссэм и чэнджэщхэр къищтащ.

ХЬЭЖЬIКЪАРЭ Алик.

Жылагъуэ Советым и гупыщIэ

Урысей Федерацэм и Президентым 2011 гъэм накьыгъэм и 23-м къыдигъэкIа Унафэ №668-м ипкъ иткIэ, КъБР-м щыIэ МВД-м и Жылагъуэ Советым и гупыщIэм зэхэтащ.

КъЭРАЛ кIэщI Iуэхуэмкlэ министру КъБР-м щыIэ полицэм и полковник Васильев Сергей КъБР-мкIэ МВД-м и Жылагъуэ Советым и гупыщIэм теухуа унафэм Iэщ1идзащ. Абы хьыхащ зыжлагъуэ, дин зэгуэныгъэхэм я лжьакIуэ щIэрыIуэхэр, лъэпкъ-щэнхабзэ автономиехэм я лIыкIуэхэр.

Жылагъуэ Советым и гупыщIэм и яп зэIущIэр мы мазэм и ещанэ тхьэмахуэ зэхуакум екIуэкIынущ.

Къэрал кIэщI Iуэхуэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэ.

Къэрал кIэщI Iуэхуэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм щекIуэкIащ УФ-м и МВД-м Iэскэн, Iуащхьэмахуэ куейхэмкlэ и къудамэхэм блэкIа мазблым я лжьыгъэм кърикIуэхэм теухуа зэIущIэ.

ЛЭСКЭН куеймкIэ къудамэм и унафэщI полицэм и полковник Хьымбэзэзэр Роман кьыхиГъэщащ я нэIэ щIэт щыналъхъэм гъащIэм щыщIыпIэу 5 зэрыщыIэр, абы щыщу 3-р Осетие Ищхьэрэ-Аланием егъэщIылащ икIи щынагъэзэщIагъэр кьыззэгъэпэщкIуфынур.

Гуть1ехьхэр щыIэми, Хьымбэзэзэрым кьыззэрыкIэгъащамкIэ, щIэпхьаджагъэу щIыпIэм щалэжьыр нэхъ мащIэ хъуащ. ЩIэпхъаджагъэ хъэпхъэр процент 61,3-кIэ, ику итхэр процент 52,6-кIэ, экономикэ щIэпхъаджагъэхэр процент 93,8-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ. Налогым пыща мыхъумыщIагъэ куейм щалэжьакъым.

Зрипльэж мазиблым кьриубыдэу цIыху ykIыгъэу зы ятхащ, нэгъуэщIым и мыльку едыгъэнэжьу хуэди 2-м щIигъукIэ, хабзэншагъэкIэ Iэщ1э зегъэкIуэныр процент 24-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ. Нарыгъэ кьыззэрыкIэнымкIэ екъулIэныгъэхэр яIэщ. Хьымбэзэр Роман я лжьыгъэм и ныкъуэныгъэ нэхъыщхьэмэ кьытеувыIащ. Ар УПК-м и 208-нэ статьям ипкъ иткIэ (ягъэкъуэншэр хэтми ярбзыхуакъым, следствием защегъэпщIу е и хэщIапIэр наIуэкъым) кьызэрагъэувыIа зэ1ущIэ кьыщыкIэхэри.

Зэхьэзэхуэм щытекIуаэр наIуэ щIыпIэщ етIанэгъэ и накьыгъэм, кьыкIэлъыкIуэ зэпеуэхэр кьызэIуахыу МАС-м и формыр щызэхьэхэ-кIэ. Абыхэм иратынущ дипломхэр, ахъщэ саугъэтхэр.

Зэпеуэм теухуауэ ущыщIэупщIэ хъунущ мы телефонымкIэ +7 **(495)-742-53-53, е info@ita.orq.ru** Интернет хэщIапIэмкIэ.

●Брифинг

Жэщи махуи

МВД-м зэрэзэуIуа и IэнатIэхэм я гупхэр пIалъэкIэ щыпIэм зэрыщыIэр, Iэщ1экIэ зэщIэуэзэда экстремизмым езыхэм, зэрызыту районым щынагъуэ кьызэрыратыр щыхуэм я нэхъыбэм кьаэрыгурыIуар.

Адэкlэ кьызэрыхигъэщащи, Iуащхьэмахуэ куей ОВД-мрэ Урысей МВД-м и IэнатIэхэмрэ я лэжьакIуэхэм бандэ гупхэм ящыщхэр убыдыным теухуа лжьыгъэр жэщи махуи ирагъэкIуэкI. Террорым пэщIэтIуэхугъуэхэм хиубдэу кьраралым кьыщалъыхьуэ щIэпхьаджагъэу 6 яубыдащ, наркотикэкIыгъэ грамм 836-рэ кьытрахащ, ирахужьа автомашинитI кьагъуэтыжащ. Бандэ гупым ящыщу 8 яуклащ (3-р кьэралым кьыщалъыхьуэрт). Iэщ1 гъэтIылъыгъэу 8 кьагъуэтащ, кьагъауэ Iэрыщ1 Iэмэпсымэхэр щагъэхъэзэныр лабораторэ зэхуащIыжащ.

Журналистхэм я упщIэхэм жэуап щаритым, Боттаевым зэрыжиIамкIэ, террорым пэщIэт Iуэхугъуэхэр щынагъэльэм щегъэжьуэнынкIэ «ЩIалэ щыхуэхэр щымыарэзы къэхуакъым. ЗыгъэпсэхуакIуэ, зыплъыхьанкIуэ кьакIуэ турнстхэм егъэщIылъ IуэхущIапIэхэм ягъуэта экономикэ хэщIыныгъэр зыхуэдизыр иджыпсту кьапщIэ. Абы хэм компенсацэхэр ираты-нущ.

Къэрал кIэщI Iуэхуэмкlэ IэнатIэм щекIуэкIа зэхьэзэкIыныгъэм щытепсэльыхьыж я кьудамэм и лжьыгъэхэр зэхуэдизыр ящыщ зэрыпхьакIар, ахэр я кьулыкъухэм хуэфащэу кьызэральытар Боттаевым кьыхигъэщащ.

МАХУЭ Блинэ.

Назир и къуэ

Генерал-майор Къатхъэн Мухьэмэд

И щIалэгъуэр зауэм ирихьэлIэу нэшIубжьэ хуэдэ ильэгъуэми, гъашIэ хьэлэмэт кIыгъэ-щIащ техникэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ШIДАА-м и академик, Ленинград топгъауэ академием и дохьтор и нафэщIу щыта, генерал-майор Къатхъэн Мухьэмэд.

УИ БЛЭКIАР умыщIэу пщэдей блэжьынчу пхуэзыбзыхунукъым, сыту жыпIэмэ узыдэпльеин, щапхъэр бзыпхъэрэ пхуэхъун ухуейщ. Езыр зыдэпльеин, "абы хуэфащэу сыщытащэрэт" жыхуиIэн Мухьэмэд иIэт. Ар и адэ Назирт

Революцим и зэманым адыгэ цIыхубэр бзэнэныгъэ гъашIэм кьыхухэзыхьэтахэм яхэтащ Назир. Кьэбэрдей щыудэм и дзэзешIэу щыта лIы хахуэм и бынхэм я насып имылъэгъуами, абыхэм езыр щыщгъэгъупщакьым. Ар я псэм хэпIу, я гум щагъафIэу лIыпIэ иувах эщ.

ЦIыхухъу зыщхьэщымытыж унагъыр тыншу псэуащ жыпIэныр кьезыдырыбзым. И анэм и щIэгъэкIуэну Мухьэмэд кьэхъу ащ. Ар гурыхъу эт, техникиэм дихьэхырт. Аущ фIыуэ ильагъу Iуэхум хуеиджену екъулакъым. 1940 гъэм Къатхъэн Мухьэмэд зэкIэм ираджащ икIи Брест ипщIэжкIэ щIыбэ топгъауэ полкым ахьэхэутащ. Есэпхьмкlэ Iэзэ щIалэр хуэфэщэн Iнатlэм ягъэуващ: батареем и топхэр щыуэкIэ тэмэму триуухэну и кьалэнт. А Iуэху м ар зэрыкъ эгурыкъу эр нэрылъэгъу хьэщ топгъауэхэм я еджэнгъэ зыщIдзам. Зыщагъасэ щыпIэр Брест пэгъунэгъуэ щыIэт Къэралым и щыпIэ Iэджам кьиKIахэр ныбжьэгъу зэку эхуэ хэку, армэ нэужьым зэкIэлIкIуинхэу кьиззэрыгъэгъэрт Абыхэм и пщыкьэ кьыжьуэртэкьым я жьэгум ящIэхэ ягъэзэжьауэ, я адэ-анэхэр, я къэшэнхэр яIыгъэужьну нэхьыбэм кьаззэрыуимыхуэнур...

Мэкъуаэгъуэм и 22-м и пщэдджьыкьым кIуэ пэтми нэхъ гъунэгъу кьэкъу эзэщIэвуэ макъ пхъэнхэр кьаззэхэсащ. Брест адрэщIыр нуэ дыхьэрэнкIор кьыщIэзыщIэнэр т мафIэ лыгъейуэ уафэ джабэм кIэридзэу. Казармэхэм кьыщIэжауэ псорэ ипщэкIэ пIэрэтIэ дакьэжьауэ я щIупрэ... А псорэ зищIысыкIэ сэлэтхэм кьащIагурыIуэр кьхъулъатэ ву макъэр гъунэгъу дыдэ кьэхъуу бийм и "Юнкерс"-хэр кьалъэгъуэ нэужьщ.

Къатхъэнщ зыхэт дивизионыр къэрал гъунапкъэхэмкIэ кIуатэрэ, Семятиче кьалэм дежь бийм щыпIащIэуващ, Iъэщ гъуэ гъуэгуанэт. Ари хьмэн ху ейт: Ди зауэлIхэм кьафIэIуэ хуэ-

щIэмыцIыкIэжьхэр. Ахэр кьхъулъатэхэмкIэ щIэнерIэ кьащхьэщхьащ, тхуэ танкэхэмкIэ кьебгъэрыкIуащ, ауэ Къатхъэнми и гулыр яхуэгъэгупсэкьым, и пэм яхуитхьакIым.

Къатхъэн Мухьэмэд и псэм емыблэжкIэ щIэзэуащ Ипщэ, Брянск, Воронеж фронтхэм. Абы лейтенант дамэте лIэр кьрат ат, топгъауэ гупми и унафэщI ящIат. Iдыжы советыдзэр ебгъэрыкIуэ эпытт, зауэр кьыдинкIэмкIэ кIуэжьырт.

1943 гъэм и мэкъуаэгъуэ м мазэм Мухьэмэд Самарканд щыIэ Дзержинскэм и цIэр зезыхьэ топгъауэ академием ягъэкIуащ. КьыкIэлыкIуэ ильэсым ар Москва кьаГъэIэпхьуэжащ. Еджапl3 нэхьыщхьэр Къатхъэнми фIы дыдэу кьиухри, щIэныгъэ лэжьакIуэ хуащ. Зы ильэс дэкIри, Уг Плъыжьым щекIуэкIа ТекIуэныгъэм и Парадым хэтыну дзыхь кьратащ.

1959 - 1979 гъэхэм Мухьэмэд Ленинград дэт топгъауэ академием щылэжьащ. ТехниющIэм, кибернетикэм дихьэхащ, тхьилъ зыбжанэ кьыдигъэзыкIащ. 1962 гъэм ар щIэныгъэхэм я доктор хуэащ, ильэсипщI дэкIри, генерал-майор цIэр кьыфIащащ. НужьмкIэ Къатхъэнми кьыфIащащ: "Ирысей Федерацэм щIэныгъэмрэ техникэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ" цIэ лъапIэр (1975). Ар ЩIДАА-м и академикщ.

Къатхъэн Мухьэмэд Вагъуэ Плъыжь, Хэку зауэ (нагъыщIт!), Лъжьыгъэм и Бэракь Плъыжь орденхэр, медаль куэд кьратащ.

И ныбжьыр илъэс 75-м иту адыгэлI хьыжьэр, щIэныгъэлI щIэрыIуэр 1997 гъэм дунейм ехьыжащ.

ГЪУКIАКIУЭ Идар.

Налшык и уэрамым и цIэр зэрехьэ

Генерал-майор Нэхущ Мырзэбэч

Хэку зауэшхуэм жыджэру хэтахэм, зи кьалэныр хьэгэлу зыгъэззэщIахэм, ди лъэпкъым и тхьыдэм зи щIэнэнцIэр дышъ хьэрфхэмкIэ хатхахэм ящыщщ Нэхущ Мырзэбэч (Борис) Мэремэ и кьуэр.

Ар 1923 гъэм бадзэуэгъуэм и 23-м Хьэтlохъущыкьуэ Ипщэ (Зеныкъуэ) кьуажэм кьыщалъхуащ. И сабинрэуэр игъэкIуащ гурыхъагъэрэ IэужьыбгъэмкIэ хьэблэ сабийнхэм кьахэщу. Кьуажэ еджапIэр хэрарзынэу кьиухащ. Абы теухуа гуфIэгъуэ пщыхьэщхьэр екIуэкIащ 1941 гъэм мэкъуаэгъуэм и 21-м и жэщым. ХьэрэсанIэхэр я куэдт зи щIалэгъуэ ныбжьыщхьэм. Ауэ абыхэм ящыщ куэдым кьапэлъэр зауэ гуэшIыщэм и гъэгуанэ гугъуэхэрт.

МЭКЪУАУЭГЪУЭ мазэм кьрифыбдзэу Дзэ Плъыжьым ираджаxэм яхэтащ Нэхущ Мырзэбэчи. Ар Мэздэгу дежь щыхурагъэджащ бийм и танкхэр зэрырпкъутафыну Iэмалхэм. ИтIанэ ягъэкIуащ Волхов фронтым. Щыпlэ зыхьомыкIыу щыIэуащ, танк эракьтуэ фочыр IэщIэпсу. IэкъуэпсакIуэу, лIыгъэ хэпIу и кьалэнхэр зэрихъэзащIэр щIалэгъуэр, сержант щIэр кьыфIащри, дзэ кьудамэм и унафэщIу ягъэуващ. Мырзэбэч игъэващ гугъуэхь, хьэзаб куэд.

1942 гъэм и гъэмахуэм Нэхущыр зыхэт еплIанэ гвардие фочауэ дивизэр Сталинград и Iагъэублагъэхэм щекIуэкI зауэ гуащIэхэм хьэхьащ. Зэман кIэщIкIэ офицер курсхэр кьрагъэхури, лейтенант щIэр кьыфIащащ. Фронтым игъэзэжри, ротэм и унафэщI ящащ. Арщхьэкlэ мыгувэу уIэгъэ хуащ. Тамбов щагъэхъужа нужькIэ, Воронеж фронтым ягъэкIуащ. 1943 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм Курск и дежь щекIуэкIа мафIэ гуащIэм хэтащ икIи аргуэру уIэгъэ хъуащ. Зэрыхъужу, и дзэм хьхьажащ.

Мырзэбэч и нэгу щIэкIащ бийм зэрихьа хьэкIэхъуэнкIа гъэ Iэджэ. Езыри и сэлэтхэрин нэхъ зыхущIэкъуэгъэ зыт - я хэкуэгъуэхэм яль зэращIэжьныкIыт, нэмыщIэхэм удыну нэхьыбэкIуэ зэрырадзыныт. Ятпэкlэ кIуатэуэрэ, абыхэм кьыззэранэкIащ Харьков, Полтавэ, Невель...

Зеикъуэ щIалэм и гупыр кьыхэжьжьащ. Ауэ и Iар зэтдзауэ ар зэи тIысыжьакьым. Жылагъуэ гъэжьыгъэхэм хэтащ. Кьэбэрдей-Балъкъэрым и Ветеранхэм я советым и унафэщIу щытащ. Нэхущ Мырзэбэч и романи дунейм кьытехьащ. "Фэ-хьус, Бахьсэн!" - аращ абы зэрэдежэр.

Адыгэлl хьыжьэм кьратат Хэкум и дамыгъэ лъапIэкIэр - Бэракь Плъыжь ордену тIу, Вагъуэ Плъыжь ордену щы, Хэку зауэ орденым и япэ, етIуанэ нагъыщIэкIэр, "Iъэпкъ Зэныбжьэгъуэгъ", "IащэкIэ ЗэщIэуэлъэ Къэрэхэм хэту Хэкум кьулыкIу зэрыхуищIам папщIэ" орденкIэр, медаль куэд.

А цIыху гъуэзэдкIэр 1999 гъэм дунейм ехьижащ. Ауэ уахьтыншагъэм хьыкащ абы и фэепIэ нэхур. Нэхущ Мырзэбэч и цIэр зэрахьэ Налшык и уэрамхэм ящыщ зым, Зеикъуэ дэт курыт еджапIэ №3-м.

КЪЭМБЭЧОКIУЭ Идар.

Хабзэхъумэ къэмылэнджэж

Полицэм и генерал-полковник КIуэкIуэ Юрэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щащIэуэ, абы къыщыхьуэ ди лъахэгъуэхэм я цIэ фIыкIэ Iумэ, я Iащэгъэ щIэныгъэкIэ, я лажьыгъэкIэ лъагапIэ гурым зэкIэм, республикэм и мызакъуэу, зэрыщыту Урысейм и сэфэн зыхэлъ Iуэхум телажьэмэ, я риимгушхуэнкIэ Iэмал иIэхьым. Дызыхэт къэралыгъуэм и щыпкъэ щIэныгъэр къызэгъэпэщыныр зи пщэрылъ Iэнатlэхэм ящыщщ Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ и министерствэр. Абы къыщыкIуэ щIыгъуэ ди лъахэгъу КIуэкIуэ Юрэ.

КIУЭКIУЭ Юрэ Александр и къуэр 1955 гъэм щыщхьэIуи и 13-м Налшык къалэ къыщалъхуащ. 1979 гъэм Дон Iус Ростов дэт къэрал университетым и юридическэ факультетыр къиухри, хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм щылэжьэн щIидзащ.

1979 гъэм щегъэжьауэ 1987 гъэ щIондэ КъБР-м и МВД-м и уголовнэ къэпIуэхъэныгъэм и къудамэхэм къулыкIу зэхуэмыдзэкIэ щIидзащ. Адэкlэ Юрэ IуэхущIафэхэм, и къулыкъуки дзкIуейуэ щIидзащ. 1987 - 1991 гъэхэм ар Къэбэрдей-Балъкъэрым и Министрхэм я Советым административнэ-мылъкумкIэ и къудамэм и унафэщIу щытащ.

1991 - 1995 гъэхэм КъБР-м и Криминальнэ милицэм и унафэщIым и хуэдэщIу, Экономикэм епха щIэпхьаджагъэхэм пэщIэныжьмкIэ управленэм и унафэщIу, 1995 - 1999 гъэхэм КъБР-м и МВД-м и министрым и къуэдзэу, криминальнэ милицэмкIэ къулыкъум и унафэщIу щытащ.

Жэуаплыныгъэ зыхэлъ, зи Iэщ1агъэм фIыуэ хэзыщIыкI КIуэкIуэ Юрэ тIэунейрэ (1993, 1997 гъэхэм) КъБР-м и Парламентым и ЛIыкIуэхэм я Палатэм хахащ хабзэгъэуныкъуэ щынагъэнцIатъэмкIэ комиссиэм и тхьэмадзу.

1999 гъэм КIуэкIуэр Мэзкъу ягъэкIуащ УФ-м и МВД-м и КIыхьэгъэпэщыныгъэ-инспектор управленэм и Инспекцэ нэхъыщхьэм и инспектор нэхъыщхьэу. УФ-м и МВД-м зэщIэгъэуIуэуэ ялажь щIэпхьаджагъэм ебэнынымкIэ и управленэ нэхъыщхьэм и унафэщIым и къуэдзэ кьаланыр 2003 гъэм пщэрылъ кьащащ. ИлъэситI дэкIри, милицэм и генерал-лейтенант КIуэкIуэ Юрэ УФ-м и МВД-м ЗэщIэгъэуIуэуэ ялэжь щIэпхьаджагъэм ебэнынымкIэ и департаментым и унафэщIым и къуэдзэ щащ.

УФ-м и Президентым 2008 гъэм фокIадэм и 6-м къыдигъэкIа УказымкIэ Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ и министерствам ЗэщIэгъэуIуэуэ ялэжь щIэпхьаджагъэхэм ебэнынымкIэ Iэнатlэм и пIэ нэгъуэщI кьиуващ - Экстремизмым пщIэтынынымкIэ департамент. Мазитl дэкIри, адыгэ щIалэр а Iэнатlэщ1эм и тхьэмадзу ягъэуващ.

Зыпэрыт лэжьыгъэм зэрыкуэпжьым кьрикIуэу, ар сыт щыгъуи дэкIуейуэу, хабзэхъумэ къэмылэнджэжу, Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ и министерствэм и зыужьныныгъэм, ебГIэныгъэм, нэхъыщхьэрщи - къэралым и щынагъэщIагъэ къызэгъэпэщыным хуищI хэпIъхэныгъэм папщIэ къэралым гулыитэ кьыхуищIу кьулыкIу зэрырихьэкIа илъэсхэм къиубыдзу КIуэкIуэм къэрал дамыгъэ зыбжанэ кьратащ. Урысей Федерацэм къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ щIыкIэ зиIэ и пэжьакIуэщ, милицэм и генерал-полковник цIэр кьыфIащащ.

Дызэрыщыгъуазэщи, УФ-м и МВД-м зэхъуэкIынныгъэхэр игъуэтащ - милицэр полицэкIэ зэрахъуэкIащ. Абы теухуа аттестацэ гуащIэ ирагъэкIуэкIащ. Полицэм кьулыкIу щащIэну кьыхахащ зи къалэнхэм хуэпэж, жэуаплыныгъэ зыхэлъ хабзэхъумэкIэ и нэхъыбэфIхэр. Iуащ1эу Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий 2011 гъэм мэкъуаэгъуэм и 15-м къыдигъэкIа Унафэмкlэ полицэм и генерал-полковник цIэ хэхар милицэм и генерал-полковник КIуэкIуэ Юрэ Александр и къуэм къыззэрыбгъэ. А унафэ дыдэмкIэ ар ягъэуващ Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ и министерствэм Экстремизмым пщIэтынынымкIэ и Управленэ нэхъыщхьэм и унафэщIу.

Юрэ Мэзкъу щопсэу, и къалэныр абы щрехьэкI, ауэ и гум, и псэм зыщIгъэпсэхур и лъахэрщ. Ар иропIейтат Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыхьуэ Iуэху мыщхьэпэхэм, 2005 гъэм щыIа Гуаум къыщытIысыжьахэм, дунейм псом и щIыпIэ яддам зыкъыщыIэт терроризмымрэ экстремизмымрэ КъБР-р, зэрыщыту Урысей Федерацэр, щыхьэмэхэм хэлъхьанхэ хуеиI. Ар пщIэрэ щIыхьэ зиIэ, къэрал унафэщIэм я дзыхь зэрагъэз щыхъащIэ.

- Республикэм и унафэщIэхэр жьыджэру яуж итщ экономикэ лажьыгъэр щIэгъэхуэбжьэным, лъэпкъ зэхуущыкIыхэр егъэфIэкIэным, дин зэгурыIуэныгъэхэр гъэбдэ щIэным, а Iуэхуэгъэхэм щIалэгъуалэр жьыджэру кьыхэшэным. Адыгэхэм, республикэм щIэсыжу адрей лъэпкъхэм я тхыдэм пщIэрэ щхьэрэ зиIэ папкIэуIэхэр я куэдцикIи абыхэм дз дрипгэнчу. Кьэбэрдей-Балъкъэрыр сыт щыIэ щIыхьыр и щIыхьыр кьулеймкIэ, и щIы телыыджэмкIэ, и щIыхь гуащIафIэхэмкIэ. Си фIэщ мэхъу республикэм къыкIуэну дахэ зэриIэр, - жеIэ КIуэкIуэ Юрэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Къэжьэ узыншэ

Генерал-майор Деппуев Хьэким

1965 гъэм и бжьыхьэт. Нартыкъ кьэхьэлIэжьыгъуэтэ, зэрыжьаIэу, етIуанэ хэгъуэм и пIыззэфIэхьыгъуэт. Кьаланэхэрэ кьуажэхэмрэ я кьаруэ псорэ я Iуэхум хуэзщIагъэуIуат. Абы щыгъуэ Кьэбэрдей-Балъкъэрым къэралым нэхъ нартыкъ бэв дыдэ кьыщрихьэлIэрт. Совет Союзым и щIыналъэ куэд жьыларпхъэжьмкIэ кьызэригъэпэщырт.

-Кабардино-Балкарская правда- газетым и редактор нэхъыщхьэм дз районхэм дригъэбыдыIат. Сэ Бахьсэн куэйр кьысIыхьат.

СыщIежьа Iуэхур тэмэму зэфIэкIат, газетым и зи чэзу кьыдэкIыгъуэм папщIэ сызэлъэкIыну тхыгъэхэр зэкуэ хьэсаугъэ кьэувыIэпIэм сыхуэкIуэрт. Гъэгъубгъэм сынэбгырыкъуэ, «Волга» автомашинэмрэ нужьым ит «Москвич»-мрэ зэуэ кьызэдоувыIэ. Абыхэм зкIэ куэд щIауэ си щIыхугъэфIэр. Я Iуэхугъэдэхьэ -Коммунизмгъэ жьол- газетым и редактор нэхъыщхьэ Черкесов Сэрбий, Сэлам къыщызыхьым, си Iэр кьикъуэрэ зыкьыбарыфI кьызжеIэ: -Нартсанэ зыщIызыгъэпсэжу генерал Деппуевым деж докIуэ. ИIэ, ниткьыдэжьщ машинэм, абы ухуэ ззэну щIауэ ущIэхуэпсыжкъэ?-

Санаторэм дызэрынэсу, дызэрыхуэхIуамкIэ хъыбарегъащIуэ генералым деж саутпIащ. Дызэрызэхуэзэу, нэхьапэкIэ зэи дызэрымыIэтгъуами, зэныбжьэгъуфIым хуэдэу ЕпIлIэкIэ сригъэблагъащ. И Iэгу пщтырымкIэ си Iэр ипIытыжу кьызэупщащ:

- Кьайсыи сыт хуэдэ?

- Ар нэгъуэщI кьэрал щыIэщ.

Упщ1э щIыкIэу Хьэким си нэм кьыщIопльэ:

- Ди зэIущIэм си щIыкугъэ генерал кьезгъэблагъэ хьуну?

- Абы хуитыжьыр уэращ, уэ уэзэрыхуейщ, - кьызжьэдохуу заращIэу.

Куэд дэмыкIыуи щIалэ зыIущIэлъ щыIгъуу кьеГъэзэж. Гуп дыгъэлъэм хьуэхьу гуапэхэр зэIэпахырт.

- Деппуев Хьэким си генерал нэхъыфI дыдэхэм ящащщ. ФIыщIэ хуэзощ атхуэдэ кьуэ, Хэкум и щIыхь нэс зыгъэсса балъкъэр пъэпкъым, - жиIэгъат абы щыIуэ псалъэ кьэзыщта генерал хьэщIэм. Ар Туркестан дзэ округым и командующэ, генерал-полковник Лященкот.

Фрунзе и цIэр зезыхьэ танк училищэр 1958 гъэм кьэзыуха Хьэким зауэм и хэзащIыпэ ажьащIыр пасэу зыхихащI. Ауэ щыIэкIи 1939 гъэм Монголием и кьуэкIыпIэ лъэныкьуэр япон зэрыпхъэкIуэхэм ящызыхъумахэм, зэхуэу гуащIэм уIэгъэ хьэлъэ щIихуахэм. Хэку зауэшхуэм и япэ махуэкIэм Деппуев Хьэким и танк ротэр белорусыщым бий ерум хахуэу щыпIэщIэтащ, Орша Лепель къалэхэр и Iащэльащэм кьыщIихьжаныкIащ. Абы тетхьыхьэу щытащ 1941 гъэм щыщхьэм и 1-м кьыдэкIа «Вагъуэ плъыжь» дзэ газет нэхъыщхьэр.

- Смоленск деж щеIуэкIа зэхуэу гуащIэм уIэгъэ хьэпъэ сыщIихъат. ЗыкьыщыщIэжар Вязьмэ кьаланэ и сымаджэщырщ. 1941 гъэм щыщхьэIум и 12-м Мэзкъу, нужьмкIэ Налшык сагъэIэпхъуащ. УIэгъэщ нэужьым механик-танкэхэуэгъэ щагъэхьэщIар еджапIэ батальоным и командирэу сагъэкIуащ, зэман дэкIри, си частым згъэзэжащ, куэд мыщIэуи полкыр си Iэмыщ1эм кьраугъэхащ, - ягу кьыгIэжькIыжьащ и генералым. - 1944 гъэм и бжьыхьэм кьедмыгъэпIэжьыгу бийр ди щIым итхужьырт. Хуит кьэпщIыж кьаланэхэр зэкуэмэрэ щIыпсэухэр гуфIэгъуэ нэпскIэ, ЕпIлIэешэжкIэ кьызэрыптпежьэм кьаруущ1э кьыгхилъхьырт.

1945 гъэм мэлыжьбжьыбым и 16-м Iпэ Белорус фронтым Берлин ебгъэрыкIуэн щIедзэ. Абы щыгъуэ Деппуевыр езырызекIуэ зэп пхъэнтхъэмкIэ зэщIэуэзэда 544-нэ гвардие полкым и командирым и къуэдзэт. Берлин кьыщащтэ зэрихьа лIыгъэм папщIэ, Хьэким «Бэракь Плъыжь» орденыр кьыхуагъэфэщащ.

Кьэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ хахуэ Деппуев Хьэким илъэс 42-кIэ щапхъэ кьигъэльэгъуэу дзэм хэтащ. Взводым и унафэщIу кьыщIидзэри, щIыхь зыпылъ гъэугуанэшхуэ, танкыдзэм и генерал-майорым нэсащ. Фашист Германиер зэхэхьутэным хуищIа хэлъхьэныгъэхэм кьаIэкIуэу, СССР-м и вторэ бзэ-гъэпсыгъуэ щыIэ зыбжанэм я дамыгъэ лъапIэкIэмрэ кьыхуагъэфэщащ. Зауэ нэужьым Туркестан, Азие Курыт дзэ округым я командующэм я кьуэдзэу щытащ, и кьарурэ я щIыпIэ кьыхуагъэкум и лъэщагъэр гъэбидэным ирихьэлIащ.

Лъэужь узыншэ и щIэблэм кьыхуэзыгъэна, цIыхухэм я гум фIыкIэ кьынэжа зауэлI хахуэр 1981 гъэм и накьыгъэм дунейм ехьижащ.

ЗАНКИШИЕВ Хьусейн.

Генералым, езым и пэкIэ ираГъэкIуэкIа Iуэхуэхэр ящIыпхъэщ, псынщIэу эзиIыгъэн хуэйщ ныкъуэкъуэгъэм и гупсысэр, абы хуэзфIэкIыщур зыхуэдизыр...

АСПОРИ зыхэпща, и кьалэныр хуэIижь, ди къэралым и мызакъуэу, абы и щIыбкIи щекIуэкIа зэныбжьэгъуэ куэд зи ирагъэкIа, Вагъуэ Плъыжь орденыр зыхуагъэфэща генерал хахуэщ Ерыжокъуэр ТIутIэ.

Ерыжокъуэр 1946 гъэм Бахьсэн куэйм хыхьэ Къэсейхьэблэ къуажэм къыщалъхуащ. Курыт еджапIэ нэужьым «Искожь» комбинатыр щаухъэм комсомол лэжьакIуэу щыIащ. 1959 гъэм и бжьыхьэм ар армэм ираджащ икIи Кавказ Ищхьэрэ дзэ округым кьалэн кьулыкъур щрихьэкIыу, сержант щIалэр Баку комиссар 26-м я щIэр зезыхьэ топгъауэ еджапIэ Тбилиси дэтым и курсант хъуащ. Ар диплом плъыжькIэ кьиухри, лейтенант хьуа адыгэ щIалэр 292-нэ фочгъауэ полкым и взводым и унафэщI ящащ.

Ерыжокъуэ ТIутIэ и щIэныгъэм, Iэщ1агъэм хигъахьуэ зэпыту, и кьулыкъуэкIэ джIэутэйкIэ щекIуэкIа. 1970 - 1974 гъэхэм ар Ленин Владимир и цIэр зезыхьэ дзэ академием щеджащ.

ЩIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм кьалэн щищIащ Ерыжокъуэм. Ар щыIащ 117-нэ фочгъауэ полкым, 20-нэ мотострелковэ дивизэм, Уралдзэ округым и 44-нэ еджапIэ танкдивизэм, Мэзкъуэдзэ округым и 13-нэ армэ корпусым я унафэщIхэм я къуэдзэу гъакIуэ.

Чернобыль АЭС-р кьыщIуам кьиша гуауэмрэ Iуэху мыщхьэпэхэмрэ я ноби ящыгъупщэрэкъым. Ерыжокъуэ ТIутIэ яхэтащ 1986 гъэм абы и лъэужьхэр гъэкIуэдыжьыным телъэжа гуным.

Ерыжокъуэр Сыбир дэз округым, кьыкIэлыкIуэу Ипщэ лъэныкъуэ дзэм я унафэщIхэм я къуэдзэу щытащ, ищхьэм абы и къалнэхэр Азербайджаным щрихьэкIащ.

Афган зауэр ХХ лIэщIыгъуэм екIуэкIа зауэ гуащIэхэм ящыщ зыщ. Абы лIыгъэ щызыгъэлъэгуахэм, советыдзэхэр кьишыжьыным зи гуащIэ хэзыльхьахэм ящыщщ ТIутIэ.

1992 гъэм Iэщ1кIэ Зэщ1уэзэда Къарурэм къалнэр щезыхьжIхэр зэрагъэмащIэм кьыкIэлыкIуэ адыгэлI зыгъэпсэхуакIуэ унафэщIхэм я къуэдзэу гъакIуэ.

Чернобыль АЭС-р кьыщIуам кьиша гуауэмрэ Iуэху мыщхьэпэхэмрэ я ноби ящыгъупщэрэкъым. Ерыжокъуэ ТIутIэ яхэтащ 1986 гъэм абы и лъэужьхэр гъэкIуэдыжьыным телъэжа гуным.

Ерыжокъуэр Сыбир дэз округым, кьыкIэлыкIуэу Ипщэ лъэныкъуэ дзэм я унафэщIхэм я къуэдзэу щытащ, ищхьэм абы и къалнэхэр зэрагъэзэщIам щыгъуэм щыгъуазэ нэхъыбэжщ.

Органхэм кьыхэкIыжа генерал-лейтенантым мы зэманым зегъэпсэху, кьыхэдгъэщIыщи, ди лъэпкъэгъуэхэм ящыщу апхуэдэ кьулыкъум пэрыту генерал-лейтенант япэу зыфIащар Щоджэн Хьэчимщ.

УАРДЭ Жансурэт.

Ерыжокъуэ ТIутIэ 1966 гъэм лейтенант зыхьыжьым кьыщыщIидзэри, 1991 гъэм генерал-полковникым нэсащ. И щIэныгъэкIи, ЕпIлIагъэкIи, лэжьыгъэкIи зиужьу, сыт хуэдэ кьалэн пщэрылъ кьыщащIым кьэзыгъэ щIыхьыу кьэгъуэгурыкIуащ Ерыжокъуэ ТIутIэ. АдыгэлI хахуэр гульытIэншэхуакьым икIи кьэрал дамыгъэ зэмылIэужьыгъуэ куэд кьыхуагъэфащ.

АЛО Лаиэ.

Щ1эблэм папщIэ

Генерал-майор Бахьсэн Хьэсанш

Дыгулыбгъуей кьуажэм езым и тхьидэ гъэщIэгъуэн и1эжщ. Абы кьикIуа гъуэгуанэм дриплъэжмэ, и пщIэр зыIэт, щ1эблэм я щапхъэ, адыгэ лъэпкъым, республикэм хуэщхьапэ щIыкуэ телыыжьу, кьуэм кьыдэжкIащ. Абыхэм ящыщщ Хэкум псэемыблэжу кьулыкIу хуэзыщIа генерал-майор Бахьсэн Хьэсанщ.

ЦIыхУР кьалъу, дунейм кьытохьэ, насыпифIэу псэун, и лъэпкъ кьуэпсым кьыпищIапщIэ. Дыгулыбгъуей тельыжьэ, щыщхьэу Бахьсэнхэ Барэсбийрэ Нафисэтрэ 1959 гъэм я унагъуэм кьихьуа, Хьэсанш зыфIащащ щIалэ щIыкIуи и деж а гуГъэфэкIэр щалъагъуну я хьэпсапIэ...

Адэ-анэр хуейт я хьыджэбзхэм япэ ирагъащ я кьуэр сыт щыгъуи ящIыгъуну. Хьэсанш ар кьыгурыуэрти, адэм и чэнджэщкIэ курыт еджапIэ нэужьым Бахьсэн дэт профессиональнэ щэтIысхьащ, илъэс дэкIри КъБКЪУ-м и физико-математикэ къудамэм и студент хъуащ. Кьэзыльхуахэм я жагъуэ имыщIэ, нэхъ кьыштэми Хьэсанш и сабингъуэ лъандэрэ я ныдедгъэкI и хьэрсапIэмкIэ икIэм-икIэжьым иунэтIыжащ - ар щIэтIысхьащ Орджоникидзе къалэм дэт дзэ еджапIэ нэхъыщхьэм.

Я гуапэ мыхьуами, я щIалэм и мурадыр адзанэм даныгъащ. Хьэсанш ихьэпIэ цIыху гурыхуэ зт, жаргт, гумызагъэт. А псом гу лъамытэу я кьэнакьым - щIалэщIэм сыт хуэдэ кьалэнри дзыхь кьыхуащIэрт езыми ах эр игъэпэжырт.

ЦIыхур лIыхъужьу кьалъхуркьым, атIэ ар абы хуэжьгуэу аращ. 1981 гъэм дзэ еджапIэр кьиухри, лейтенант щIалэм и офицер гъуэгуанэм Ростов областым хьыхь Новочеркасск къалэм щыщIидзащ. ИлъэситI дэкIри, ар лейтенант нэхъыкIэ хуащ, кьыкIэлыкIуэ илъэситIым капитанэм нэсащ. Апхуэдэуэ Хьэсанш Кавказ Ищхьэрэ Дзэ округым и епщIыкIуплIанэ танк дивизэм и пулемет взводым и командир кьулыкъур пщэрыль кьыщащIам.

Афган зауэр кьыщыхьэфам майорым нэсаديلыгубгъуей щыщ щIалэр абы ягъэкIуащ. Афганистан щIыналъэм щекIуэкIа зауэр абы и нэгу щэхIащ, игъэващ и пэм щыщIэдзауэ и кIэм нэсыху. Ар хэтащ Кабул, адэкIэ Кьундуз, нэгъэщI щIыпIэхэм щекIуэкIа зауэ гуащIэ хэм. ПасхьэщIэххэм, апхуэдэуэ десантебгъэрыкIуэ батальоным я командиру щыта щIалэм эякьым и сэлэтхэр бийм кьиухьуреихьа щIыналъэм кьизэрыришар.

1985 гъэм щыщIэдзауэ 1987 гъэм нэсыху Хьэсанш кьулыкъу щищIащ Джелалабад къалэм. И псэ емыблэжу и кьулыкъум зэрыпэрытыр, лIыгъэм и Гъэпсыгъуэм пэкIуэу Вагъуэ Плъыжь орденту тIу кьыхуагъэфэщащ.

1988 - 1989 гъэхэм Бахьсэным тIасхьэщIэх ротэм и унафэщIу Дуншанбе къалэм кьулыкIу щищIащ. Иужькlэ ар штабым и Iэтащ1э хьуащ.

1992 гъэм Хьэсанш «И щхьэкIэ зэрихьа лIыгъэм папщIэ» орденыр кьратащ. Иужькlэ дамэтелхьэр кьыхуагъэфэщащ. Бахьсэным ТаджикистанмкIи щIигъэ лъэпкъуэ и хахуэгъэмрэ дзэ Iуэхум ди щIыпIэ зэрыхищIыкIырэ.

Урысейм Iэщ1кIэ Зэщ1уэзэда и Къарурэм я Генералынэ штабым и Дзэ академиер кьиуха нэужь, Бахьсэнщ Хабаровск ягъэкIуащ. Ар Къуэдзэлъ Жыжьэм щыIа Дзэ округым и 130-нэ пулеметэ-топгъауэ дивизэм и унафэщI хъуащ. Иджы генерал-майорым нэса адыгэ щIалэм и жьIэм щIэтт сэлэтэр офицеру мин 15-м нэблагъэ...

Куэд ягъэзащ а генерал щIалэм. Афган зауэм, Таджикистаным къыщыхьуа къуагъэхэм щигъуэта уIэгъэ 12 зи щIыфэм тельъ лIыхьужьыр итIанэми жьыдкэрт.

Ди жьагъуэ зэрыкьэнщIи, генерал-майорым нэсыху кьулыкъу зыщIа Бахьсэн Хьэсанш кьэхуихар гъащIэ машIэт. И ныбжьыр илъэс 49-м иту ар 2008 гъэм дунейм ехьижащ.

Кьыпэпльэр и псэм ищIагъэнкIи мэхъу абы. И нужьрей махуэхэр кьэсаныи и пэкIэ ар кьэ зыльхуэ ахэм я бжьэ кьэжьэкIри щыхьэщIат.

«Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэмкIи кьыщыхьат.

Бахьсэн Хьэсанш льэпкъым зэи щымыгупщэн лIыхьужьщ. Апхуэдэ щIыхь зэрыгъащIэм и лъапIэныгъэр, и дахагъэр зыхьумэр.

Тхытгъ кIэщIыр духьищ Хьэсанш и фэепIлъу Зэгъэштокъуэ Iюдэ итха сатырхэмкIэ:

Лъэпкъгъэбагъуэ умыхъуами,
Хэку и щIыхь къумащ.
Ди псэм у я ущымыхъами,
Псэ хуэдэ кьебгъэщащ.
Щапхъэ зэщIэу пхьа уи гъащIэр
Щ1эблэм кьыкуонэж.
Уэ уи лъагъуэм гу хуэзыщIыр
Лъэпкъым и гъунэжщ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

● Футбол

ХьэщIэхэм яебгъэрыкIуэныгъэхэм ди щIалэхэр гугъу ирагъэхьащ.

Иджы дэ псоми дакъыкIэроху

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Ростов» (Дон Іус Ростов) - 0:1 (0:0). ФокIадэм и 11-м. Налшык. «Спартак» стадион. Щыху мини 5 еплъащ.

Судьяхэр Федотов, Барышников, Цветнов (псори Мэзкуу щыщIэ).

«Спартак-Налшык»: Фредриксон, Багаев, Куликов, Джудович, Аравин, Голич, Гриднев (Пилипчук, 59), Щаницин (Сквернюк, 66), Концедалов, Рухаиа (Сигурдссон, 85), Гъуэщокъуэ.

«Ростов»: Плетикосэ, Хьэгъуш, Окороннкъэ, Салатэ, Круглов, Калачёв (Смольников, 57), Гацкан, Кочиш, Григорьев (Байрамян, 82), Адамов, Бракамонте (Элсон, 68).

Топыр дигъэкIащ Кочиш, 83 (0:1).

Дагъуэ хуащIащ Калачёвымрэ Хьэгъушрэ.

38-нэ дакъыкъэм Адамовым пенальти худэгъэкIакъым.

2011 ГЪЭМ Урысей Федерацэм и премьер-лигэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм и тIощIрэ ещанэ джэгугъуэм и ужькIэ «Спартак-Налшыкыр» турнир таблицэм и иужь дыдэ увыпIэм нэс къыщIехужащ. Абы ди командэр иIъэсым нэбгырэуэ хуокIуэ икIи иджыри къэс зыгуэрурэ зыззэтрагIыхьэфами, иджы адэкIэ къыздикIуэтын яIэжкъым. Сыт, къапщтэмэ, уэррыщIыгуфIыныр нэгъабэ щэкIуэгъуэм и 5-м иужьрей дыдэу и стадионым щытекIуэм. Абы пъандэрэ мазибгъум щIнгъуащ икIи пщIэ лей яхуэфащэщ ар зыщIэм КъэбЭрдей-Балъкъарым футболым щыдихьэхэм. ЖызыIэни щыIэщ, адрей и хьэрхуэгъэгъуэм налшыкдэсхэр мыпъкъиIэ апэмыльэщу. Ар пэжщ, ауэ зыщыдвмыгъэгъупщэ апхуэдизу щыт пэтми, «Спартак-Налшыкым» илъэсих хъуэуэ хэм я зэфIэкIыр мащIэ дыдэу къыщIэкIащ.

Джэгум щIидзэри япэ Іыхьэм и ныкъуэр дэкIаУэщ «Спартак-Налшыкыр» ящэу ростовдэсхэм я гъуэм щеди командэм щIэх-щIэхъуерэ дэрэжэгъуэ къыдитыну дыщыгуГыну. ДыхунткIэ дыхунтщ, арщхьэкIэ...

Ростов Іус Ростов кьинкIахэри дэ къыззрыдэфIэкI щыIэтэкъым. Аэри турнир таблицэм ижь ижь дыдэ увыпIэхэм ящыщ зым щытт икIи вэсэпшыхь датекIуэфатэмэ, щытыкIэмкIэ дыз эхъуэжьынут. Ар фIы дыдэу къагурыIуэрт лъэныкъуитIми. АрщхьэкIэ къыбгурыIуэнур зыщ, пхуэзфIэкIынур нэгъэщIщ. Жагъуэ зэрыхъущи, ди щIалэ-хэм я зэфIэкIыр мащIэ дыдэу къыщIэкIащ.

Джэгум щIидзэри япэ Іыхьэм и ныкъуэр дэкIаУэщ «Спартак-Налшыкыр» ящэу ростовдэсхэм я гъуэм щеди командэм щIэх-щIэхъуерэ дэрэжэгъуэ къыдитыну дыщыгуГыну. ДыхунткIэ дытIупщащ икIи Плетикосэ ар угловойм игъэкIуащ. Абы и уажькIэ Джудович щхьэкIэ зэуэ топыр гъуэм хуэзакIыну.

АдэкIэ джэгур аргуэру зэщIэжьыхьхэщащ. ГурыIуэгъуэтэкIым к омандэхэр зы пэпIэпр. КъызэрыщIэкIамкIэ, ахэр зыр адрейм и щыуагъэм ежьэу арат. ИкIи 38-нэ дакъыкъэм топыр щыIуихум, Багаевым абы IэкIэ еIуСащ. Пенальти. «Ростов»-м и гъуащхьэуэ нэхъ Іэзэ икIи и капитан Адамовыр метр пщыкIуэым и деж щыту и къару къызэрихькIэ еуащ. АрщхьэкIэ, зэкIэ насып диIэти, топыр штангэм техуэри, кьигъэлъеижащ.

Ущыгугъ хъунут а Іэзэгъуэм ди щIалэхэм нэхъ закьригъэщIэжьыну. Ауэ апхуэдэ къаруи абыхэм яхэмыльу къыщIэкIащ икIи джэгур зэшыгъуэм техьэжащ. Ростовдэсхэр, дауи, арэзыуэ къыщIэкIынут Налшык зы очко ирашми, арщхьэкIэ хэгъэрейхэм я мыкIуэмытагъэм нэхъыбэ жми щIигъэхъуэпсащ. Джэгур и кIэм нэсыкIэ хьэщIэхэм я ебгъэрыкIуэныгъэр нэхъ гуащIэж хъурт икIи 83-нэ дакъыкъэм сэмэгурабгъэпмкIэ кIуэцIрыкIыу Кругловым кьыхита топыр Адамовым щхьэкIэ Кочиш кьуритыжри, нужьым ар ди гъуэм дигъэкIащ.

Кьэнэжа зэманыр мащIэ дыдэт, ауэ абыхэ урикъунут джэгур кьебгъэлъыну. «Спартак-Налшыкыр» абы хущIэкъуащ икIи и кIэн кьикIыным зы мащIэщ иIэжар. АрщхьэкIэ Концедаловыр зэуа топым Плетикосэ къыригъэтъэщащ, Сквернюк штангэм техуащ.

0:1-уэ къызэрыгъэгъэщIэм «Спартак-Налшыкым» и Іуэхур нэхъ гу-гъэж ящIащ. Самарэ и **«Крылья Советов»-р** Томск и **«Томь»-м 2:0-**уэ зэрытекIуар хьихьэжри, абы и уажькIэ ди щIалэхэр ящэ дыдэ увыпIэм къыщIыхутам и закъуэкъым. АтIэ, нэхъ шынагъуэжрагъ, иджыри гугъэ гуэрхэр яIэжу стадионым къекIуалIэ мин зыпIэIытхуми ди командэм хэтхэмрэ абы-хэм я тренерхэмрэ фий макъкIэ ирагъэкIыжащ. Абы кьеГэлъагъуэ щIыкуэхэм я зышIэпIэныгъэри гуНунапкъэншэу зэрыщымытыр икIи адрей къэнэжахэми «Спартак-Налшыкым» я щIыб кьыззрыхуагъаззр.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм и тIощIрэ ещанэ джэгуГъуэм хьихьэ зэIущIэ хэм ящыщу щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтахэм кьахэгъэщхьэхукIыпхъэщ пашхэр кьыззрыхагъэщIар. Апхуэдэу **ЦСКА-м 4:0-**уэ кьытекIуащ Мэзкуу и **«Динамо»-р, «Рубин»-м 3:1-уэ** кьыфIихьэхуащ **«Краснодар»-м.** А бжыгъэхэр я щIыхьэтщ бэнэныгъэр турнир таблицэм и щхьэмкIи и гъабжьымкIи зэрыщIызэщIэпIъам.

Къэщынэмыщ1ауэ, **«Анжи»-м 2:1-уэ** Мэхьэчкъалэ щыхигъэщIащ Новгород Ищхьэрэ икIа **«Волга»-р,** Мэзкуу и **«Спартак»-р** Пермь щыIэу **«Амкар»-м 1:0-**у текIуащ.

«Тэрчымрэ» «Кубань»-рэ дыгъуэпшыхь Грознэ щызэдэджэгуащ.

КъыкIэлъыкIуэ зэIущIэр «Спартак-Налшыкым» Новгород Ищхьэрэ кьалэм фокIадэм и 17-м «Волга»-м щыдригъэкIуэкIынущ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командхэр	Дж.	Къ.	З.	Фl.	Т.	О.
1. ЦСКА	23	13	7	3	42-21	46
2. «Зенит»	23	13	7	3	43-19	46
3. «Динамо»	23	13	5	5	43-25	44
4. «Анжи»	23	11	7	5	27-20	40
5. «Спартак»	23	11	6	6	31-25	39
6. «Локомотив»	23	11	6	6	37-24	39
7. «Рубин»	23	10	8	5	29-21	38
8. «Кубань»	22	10	4	8	29-21	34
9. «Краснодар»	23	7	8	8	27-33	29
10. «Тэрч»	22	6	5	11	20-32	23
11. «Амкар»	23	5	8	10	15-29	23
12. «Ростов»	23	5	6	12	24-37	21
13. «Волга»	23	6	2	15	21-32	20
14. «Томь»	23	4	8	11	18-37	20
15. «Крылья Советов»	23	4	7	12	16-34	19
16. «Спартак-Налшык»	23	3	8	12	18-30	17

«Ростов»-м и гъуащхьэхъумэжэм яIэщIэкIыгъуейт.

ЗэIущIэ нэужьым

БАЛАХНИНСергей, *«Ростов»-м и тренер нэхъыщхьэ:*

Хуабжьу дызыхуэныкъуэ текIуэныгъэ

- Мы зэIущIэм куэд елытат икIи абы футболистхэр зэщIиIуIатаи, джэгур зэшыгъуэ зэхуэуэ кьыпщыхъунущ, - щыжIащ пресс-конференцым «Ростов»-м и тренер нэхъыщхьэм. - КьыщынэмыщIауэ, дэ хуабжьу зыхэтщIащ зыщыщ къэралхэм я командэ кьыхэхахэм зэрыщы-джэгуам кьыхэкIыу цIыхуибгъуэ ешауэ кьызэрытхьыхьжар. Апхуэдэу щыт пэтми, щIалэхэм бэшэчагъ ин кьагъэлъэгъуащ икIи хуабжьу дызыхуэныкъуэ текIуэныгъэр кьахьащ.

ТАШУСергей, *«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:*

Дыщыуащ

- Мы зэIущIэм очкоих щагъэджэгу пэлытэт икIи абы и мыхьэнэр зэрыин дыдэм льэр щIигъэнащ, - жиIащ джэгур иуха нэужь Ташу Сергей. - ГурыIуэгъуэт зым и щыуагъэм адрейм текIуэныгъэ кьыззрыхуихьынур. Дэ дыщыуащ. Джэгур зэрекIуэкIыну щIыкIэр щызэбгъыхъэм, сэри щыуагъэ сIэщIэкIащ. ЕтIуанэ Іыхьэм ар згъэзэкIуэжьну сыхэтащ, арщхьэкIэ кIасэIуэ хъуат.

Налшык сыкъызэрыкIуэрэ мыбы нэхъ джэгуакIэ Іей ди щIалэхэм къагъэлъэгъуакъым. Яхь жэуапльныгъэм кьыхэкIыу ахэр «щIэсIуэнтIэ-Іуауэ» пIэрэ жызоIэ. Дауэ щытми, нобэ тфIахэхуащ икIи дызэрыт щытыкIэ гугъуи дыкьызэрикIынум адэкIи дегупсысынущ.

ТЕМЫР Дисанэ.

Налшык и зоопаркыр кьызэрызэIуахрэ мы гъэм ильэс 45-рэ иригъэнущ. Абы ирихьэлIэу зэфIагъэкIахэмрэ кьапэщыт кьалэнэхэмрэ я гугъу щишым. ІуэхущапIэм и унафэщI Іэрэмысэ Асльэнбий кьыхигъэщащ Налшык кьалэ администрацэм сом мелуани 10 зэрыщыхухахар. АбыкIэ ухуэныгъэ щхьэхуэхэр ирагъэкIуэкIынущ, зэхъуэкIынныгъэхэм тещIыхьа проектхэр ягъэхьэзырынущ.

ИУЭЖЬРЕЙ ильэси 4-5-м кьриубыдэу зоопаркым езым и кьарукIэ ухуэныгъэ щхьэхуэхэр щызэфIагъэкIащ: чырбыщ плыжьым кьыхэщIыкIа кьэухьхэр щIэуэ яухуащ, льэс льагъуэхэр екIуу кьращIыкIащ, административнэ унэхэм ящхьэхэм иджырей кхъуэщынхэр тральхьащ. Кьалэ администрацэр зэрадэIэпыкъуам и фIыгъэкIэ, европей мардэхэм тету зоопаркыр кьогъэщIэрэщIэжьыным адэкIи пащэну Іэмал яIэщ. Зэраубзыхуам тету, асльэнхэр, кьапльэнхэр, щомыщхэр, мыщэ жьыкьымрэ гъуабжьэмрэ щаIыгъыну щIыпIэхэр ухуэн щIадзэнущ. Ахэр сыт и льныкъуэкIи псэущхьэхэм кьетынщэкIыу, Іэхуитлъэ хуитку нэхуу, гъэм и зэманхэм тещIыхьауэ зэпэщхьэхуэу щытынущ. Апхуэдэу номинкэр зэрыс хьарзэрин нэхъыфIэмкIэ зэрахьуэкIынущ.

Зоопаркым кьегъэщIылащ гъущ хэар лъагэхэмкIэ кьэхуухьа щIы Іэнэщыгу гектар бжыгъэхэр. ЗэманыфIкIэ дызэIэбэжьыжэ, ар «вальер зэIухакIэ» зэрджэ щIыкIэм тету кьагъэсэбэпын хуеящ. АрщхьэкIэ а Іэхур кьэралым кьыщIихьуа зэхъуэкIыныгъэхэм кьызапаудауэ щытащ. ДяпэкIэ абы нэхъ куууэ хэпльэнущ.

Кьыхуауэ ТIыпща ахьшэм тещIыхьауэ ирагъэкIуэкIынущ ухуэныгъэхэм я проектхэр иджыпсту еужьэрэкIыу ягъэхьэзыр. Іэрэмысэ Асльэнбий кьызэрыджIамкIэ, лэжьныгъэхэм жэпуэгъуэм и 1-м щIадзэну я мурадщ.

Кьыхэгъэщыпхъэщ Налшык и зоопаркым хуэдэ Кавказ Ищхьэрэ псом зэрыщымыIэр. Араща ар екIуу кьэгъэщIэрэщIэжьным кьалэм и Іэтащхьэхэм гулытэ щхьэхуэ щыхуащIыр.

Я кьабзагъэкIи, я щхьэнкIи дэбгъуэн щымыIуэ «Налшык зоопарк» муниципальнэ предприятэм нобэ щаIыгъ псэущхьэ зэмылIэужьыгъуэу 120-м щIигъу. Иужьрей ильэсхэм мыбы кьыщызэIуахащ блэ блэжьыгъуэ нэхъ ин дыдэхэм, благъэхэм, кIэдрэ хэримыхьэлIэ хэпщхупщхэм я террариум. Апхуэдэ щыкIэм тету йофIакIуэ ХьэтIохъущокъуэм и хадэр зыгъэбжьыфIэ Іуэхущапіэр.

ЛЬОСТЭН Муэз.

● Гулытэ

Псэущхьэхэм я дуней

●КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Іулъхьэ фIахыну хэтмэ - полицэм хъыбар евгъащIэ

И ПХЪУР сабий садым къащтэн папщIэ кьалэ гимназиехэм ящыщ зым и унафэщIым сом мини 7 иритыну кьызэрыхуигъэувам кьыхэкIыу 1981 гъэм кьатхуа налшыкдэс цIыхубзым Урысей Федерацэм и МВД-м Налшык кьалэмкIэ и Управленэм зыхуигъэзащ.

Апхуэдэу зыкъыщыхуагъаз куэдрэ кьэхъурккым. Адэанэхэм ар утыку ирамыкьхэмэ нэхъ къащтэри, кьыхуагъэувыр ягъэззэщIэныр кьыхах. Зэманым кьызэригъэтъагъуэщи, зэгуэр а гъуэгум теува Іулъхьэ Іыхьир абы кьыщыштекIыр хабзэм и хъумакIуэхэм яIууа нэужьщ.

Епщыжакіуэхэр

КъБР-м щыIэ МВД-м я кьулыкъум епщыжхэр, абыхэм ящыщщ кьимыгъэжьа хэхъуэ зыIэрызыгъэжьну хущIэкъуэхэри, зэрызыхъэжкIыным яужь итщ.

КъБР-мкIэ МВД-м и кьэлъыхьуэныгъэ частым (я щхьэ щынагъуэншагъэмкIэ кьудамэ) и лэжьакIуэхэм 2011 гъэм фокIадэм и 2-м сыхьэт 20-м Прохладнэ кьалэм щыIэ Остапенкэ, Свободэ урамхэм я зэхэкIыпIэм деж, гуэгурыкIуэм зэкъызэрыхуигъэзам ипкъ иткIэ, сом 2000 кьыдахуэу КъБР-м щыIэ МВД-м и ГИБДД-м и ДПС-м и лэжьакIуитI щаубыдащ. Іуэхур зохагъэкI.

КъБР-м щыIэ МВД-м республикэм щыпсэухэм ягу кьегъэкIыж, къэрал кIэущI ІуэхуэмкIэ Іэнатlэм и лэжьакIуэхэм Іулъхьэ кьыIахьу е я кьулыкъур кьемызэгъыу кьагъэсэбэпу фрихьэлIэмэ, фыздэпсэлъэну дзыхь зрагъэз телефоныр - 49-50-62.

Къулыкъу гъэпщIагъэ

УРЫСЕЙ ФЕДЕРАЦЭМ и МВД-м Тэрч куеймкIэ и кьудамэм и лэжьакIуэхэм кьэпльыхьуэныгъэ Іуэхуэр щрагъэкIуэкIым, щIыпIэ предприятэхэм щыIэ и бухгалтер нэжьыщхьэм кьулыкъу гъэпщIагъэ зэрихьауэ кьыщIагъэщащ. 2010 гъэм и мэкъуауэгъуэм щыщIэдзауэ кьихьа лэжьапIэр сом 17,718-кIэ нэхъ мащIэу кьыщыгъэльэгъуэу тхьилъ абы итэхьэзыращ. Абы и фIыгъэкIэ КъБКъУм и 2-нэ курсым щеджэ и кьуэр къэрал стипендие зратыну хуэмыщIа унагъуэхэм яхэхуащ.

ЛIыукIэхэм япыщIауэ пIэрэ?

КъБР-м щыIэ МВД-м Экстремизмым пэщIэтынымкIэ центрымрэ щынагъуэншагъэмкIэ кьулыкъумрэ я лэжьакIуэхэм Налшык кьалэ Щоджэным и цIэр зезыхьэ и уэрамым щыIэ дачэ щыпIэм деж 1980 гъэм кьатхуа тэрчдэсыр щаубыдащ. Ар кьыщащым РГН гранатэ кьыкъуахащ.

Яубыдар КъБР-м щыIэ бандэ гупым япыщIамэ зэхагъэкI.

Шэч кьытрахьэ

КъБР-м щыIэ МВД-м и УГИБДД-м и гъуэгу-плъыр Іэнатlэм и лэжьакIуэхэм Ставрополь крайм кьихьэ И зобильнэ кьуажэм щыпсэум зэрригъакIуэ ВАЗ-2170Ѳ автомашинэр «Бахъсэн» постым деж кьыщагъэувыщащ. Ар кьыщащым кьыкъуахащ МР-79 кIэрахьэу. Абы щIыгъуэ Іэщэ зэрихьэну хуит зыщI тхьилъым шэч кьытрахьащ - ар кьыщищэкуар дапщэщи, кIэрахьэр зыхуэдэри абы кьыщыгъэльэгъуакъым.

Ставрополь краймкIэ ГУВД-м и полицейхэм ящIыгъуу Іуэхур зохагъэкI.

Іэщэр къытрах

«ІЭЩЭ» лэжьыгъэм хиубыдэ Іуэхугъуэ хэр щрагъэкIуэкIым, Урысей МВД-м Налшык кьалэ округымкIэ и Управленэм и лэжьакIуэхэм кьалэм и 1-нэ гуэлым деж жьыг кьудамэ кьыгъэщIыкIахэм я лъабжьэм РГД-5, Ф-1 Іэрыщ1 гранатэхэр зэрыльэ полимер пакет кьыщагъуэтащ.

ЗэраубзыхамкIэ, кьагъуэтар 1971 гъэм кьалъхуа тырныауэдэсым ейщ. Ар иджыпсту изоляторым щыIэнущ.

А махуэ дыдэм Урысей МВД-м Аруан куеймкIэ и кьудамэм и лэжьакIуэхэм Къэхъун кьуажэм и Комсомольскэ уэрамым тет псэупIэ унэр кьыщащым ИЖ-79-8 (мм 8) кIэрахьэрэ щитI зэрыльэ абы и щыгъуэм, ИЖ-38 (мм 4,5) пневматикэ Іэщэ кьыщагъуэтащ. ПхраугъэныкIри, ар мм 5,6 калибр ягъауэ Іэщэм хуагъэкIуат.

Бысымыр яубыдащ. Іуэхур зохагъэкI.

Къэрал кIэущI Іуэхуэмкіэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Іуэхущапіэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИМ ХЭТХЭР

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэхIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжькъарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, еблъуанэ - епщIанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхуэщапіэхэм ядэжь зыжьынымкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэкIаКIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущапіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкIэр зэтехуэ зытеу щыгъыным.

Газетыр Іэ тезыдзаэм яхуэхьынырэ пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык кьалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэжIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщкI Соня, редактору Жэмыхъу Марьянэ, корректорхэу Афэ Тамарэ*(3, 4-нэ нап.)*, ПхытIыкI Юрэ *(1, 2-нэ нап.), корректорхэм я дэлэжьыкъуэу* Мырзэкъан ФатIимэ. *КомпьютеркIэ гагъемым и теплъэр ящIащ* Дол Маринэрэ Щомахуэ Марианнэрэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанэщ.

Номеры "Адыгэ псалъэм" и компьютер Іэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 20.30-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 8.878● Заказ №3250

ЩIалэгъуалэ зэпеуэ

Хьэгъэбанэр къохьэри, дыкърегъэл

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Ростов» (Дон Іус Ростов) - 2:2 (1:1). ФокIадэм и 10-м. Прохладнэ. «Центральный» стадион. Щыху 700 еплъащ.

Судьяр Малый (Волгоград).

«Спартак-Налшык»: Хьаний, Йованович, Фомин, Къумыкъу, Мырэз (Хьэгъэбанэ, 69), Егъэн, Мэкъуауэ (Ковальский, 46), Соблир, Чочуев, Болэ, Митришев.

«Ростов»: Орсаев (Мадилов, 46), Губанов, Филатов, Котенев, Хьэгъэб (Арефьев, 83), Васильев (Рябоконь, 90), Кухарчук (Кулешов, 46), Аумадэ, Ребко, Харгашов, Курбанов.

Топхэр дагъэкIащ Васильевым, 11 (0:1). Митришевым, 32 (1:1), Васильевым, 64 (1:2). Хьэгъэбанэм, 80 (2:2).

Дагъуэ кьыхуащIащ Ребко, Митришевым, Котеневым, Аумадэ.

ДЖЭГУГЪУИЩЫМ зэкIэлъхьэужьу кьыщыхагъэщIа «Спартак-Налшыкым» и щIалэгъуалэ гупым мы зэIущIэм «я напэр щатхьэщIыжьну» хущIэкъуащ. Аэр апхуэдизу ерыщу икIи кьаруушхуэкIэ ипэкIэ кIуэтати, я гъуэр зэрахьумэжьи хуейр ящыгъуныщащ. Ар псынщIэ дыдэу хьэщIэхэм ягу кьагъэкIыжащ икIи епщыкIуэанэ дакъыкъэм Васильевым топ кьахудигъэкIащ.

Абы ижьыкIэ «Спартак-Налшыкым» и джэгукIэр нэхъ зэпIэзэрыт хъуащ. Дакъыкъэ тIощI дэкIаУэ арат налшыкдэсхэм бжыгъэр зэхуэдэ щащIыжам. КьыхэжаныкIар Митришевырщ.

Загъэпсэхуу кьихьэжа ижьыкIэ япэ Іыхьэм зэрыщытам кьытригъэззэкащ икIи Васильевым аргуэру хьэщIэхэр япэ иригъэщижащ. АдэкIэ зыгуэр зэкIуэпсысын хуейти, ди тренерхэм хэкIыпIэ нэхъыфIыр кьэгъуэтащ - Мырэзм и пIэкIэ джэгупIэ губгъуэм Хьэгъэбанэр кьрагъэхьащ.

ЗэхъуэкIынныгъэм «Спартак-Налшыкым» ехъулIэныгъэ кьыхуихьащ. Ди командэр кьыхэгъэщIэныгъэм кьыхэзыша топыр 80-нэ дакъыкъэм Хьэгъэбанэм «Ростов»-м и гъуэм дигъэкIащ.

Арати, джэгур зэрытемыгъэкIуауэ, 2:2-уэ, иухащ. Абы ижьыкIэ ди щIалэхэм епщыкIущанэ увыпIэр турнир таблицэм щаубыдащ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ адрей командхэм я зэIущIэхэр зэрекIуэкIам кьарикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр. **ЦСКА - «Динамо» - 2:0, «Локомотив» - «Зенит» - 2:1, «Краснодар» - «Рубин» - 3:1, «Анжи» - «Волга» - 1:3, «Крылья Советов» - «Томь» - 0:2, «Тэрч» - «Кубань» - 1:1, «Амкар» - «Спартак» - 1:0.**

ХЬЭТАУ Исльам.